

## **Defansè Dwa Moun: Kominote yo nan Laperèz Pandan Leta Florid Refize Bay yo Enfòmasyon ak Resous Legal ki kapab sove lavi yo nan moman pandemi sa.**

*Leta Florid pa pèmèt moun ki pa metrize anglè gen aksè egalego nan pwogram gouvènman federal la finanse. Nan sans sa, leta Florid pase anba pye prensip gouvènman federal la etabli pou anpeche diskriminasyon sou Dwa Sivil yo.*

### **PATAJE PRESE PRESE**

21 Avril 2020

Kontakte:

Jeff Migliozi, [jeff.migliozi@splcenter.org](mailto:jeff.migliozi@splcenter.org) / (334) 303-1261

Veronica Robleto, [veronica.robleto@floridalegal.org](mailto:veronica.robleto@floridalegal.org) / (407) 801-4813

Robin Lewy, [rlewy@rwhp.org](mailto:rlewy@rwhp.org) / (352) 514-3963

TALLAHASSEE, Fla. — Jounen jodi a, yon kowalisyon ki genyen prèske 40 òganizasyon ki ap defann dwa imigran ap mande kont paske Gouvènè Florid la Ron DeSantis ak lòt lidè gouvènman yo pa itilize lajan leta federal la pou mete resous disponib pou popilasyon ki pa metrize anglè (LEP) nan moman pandemi COVID-19 ap fè ravaj.

Defansè dwa imigran yo ap fè konnen se yon vyolasyon Tit VI nan Lwa 1964 Sou Dwa Sivil yo (Civil Rights Act of 1964) ak tout règleman ki gen anndan li yo, tankou Lòd Egzekitif 13166 lè popilasyon ki pa metrize anglè yo pa gen aksè ak resous enpòtan yo nan lang pa yo. Jan nou konstate sa sou teren an, kominote sa yo rete nan fènwa, epi yon plonje nan konfizyon ak detrès paske yo pa genyen resous.

"Pitit fi mwen te malad epi nou mennen li lopital" **Doña Elba, yon kliyan Pwojè Sante Fanm Riral yo (RWHP) ki pale sèlman panyòl rakonte.** "Yo di nou li pa gen Kowonaviris, men yo pa janm fè yon tès pou li. Sou de jou aprè, mari m leve ak yon lafyèv ak yon tous. Mwen te panike." Doña Elba se youn pamí plizyè dizèn milye moun ki pa metrize anglè (LEP) nan eta a ki pa kapab jwenn aksè ak enfòmasyon enpòtan yo. Doña Elba di, "Mwen pa t kapab jwenn enfòmasyon an panyòl sou sentòm Kowonaviris yo ni okenn lòt bagay," Li ajoute. "Se yon sitiyasyon tèrib pou nou dèské pa genyen enfòmasyon an panyòl. Nou anpil epi nou bezwen bon jan enfòmasyon pou nou konnen ki kote nou dwe ale pou pran swen tèt nou."

Otorite nan leta Florid yo k'ap jere pwogram ak aktivite gouvènman federal la finanse pou bay èd oubyen sèvis esansyèl nan kominote a yo neglige responsabilite yo pou mete resous disponib tou pou moun ki pa metrize anglè (LEP). Daprè sa ki ekri nan lèt la, Depatman Sante Florid la ak Sant Enfòmasyon Eta Florid la sou COVID-19 konte pamí enstitisyon ki bezwen bon jan amelyorasyon.

**Ricardo Alcalá, youn nan moun k'ap dirije Madre Sin Fronteras**, youn nan gwoup ki siyen lèt la deklare, "Nan moman kote n'ap batay pou kwape epidemi koronaviris la, li enpòtan pou pataje enfòmasyon ki klè pou tout moun ki ap viv nan kominote a ak nan tout peyi a." Alcalá kontinye pou li di, "Se poutèt sa, kominote a gen kè sote paske yo pa gen mwayen pou yo aplike tout règ prevansyon yo. Nou pa gen okenn konsiy sekirite ak prevansyon nan lang panyòl."

"Pou nou kwape COVID-19 la, sa mande anpil jefò nan tèt kole," **Robin Lewy, Direktè Programming nan RWHP** deklare. Li ajoute "Pwiske enfòmasyon yo pa disponib nan lòt lang, sa kreye yon enjistis, kòm rezulta, enjistis sa pral repete tou nan gwoup moun pandemi ap plis frape." Lewy kontinye pou li di, "Nan kriz sa nou ye la, si nou pa rann enfòmasyon aksesib pou tout moun, sa vle di nou neglige sèvi tout kominote a. Enkyetid nou devan sitiyasyon kote pa genyen enfòmasyon an panyòl ak kreyòl se paske sa diminye kapasite nou pou konbat viris la."

Daprè estatistik Biwo Resansman Ameriken an rasanble nan yon sondaj sou senk lane (2014-2018), prèske 20.5% nan moun ki ap viv nan Florid yo fèt nan peyi etranje; anndan kay yo 29.1% pale yon lang ki pa anglè kote panyòl konte pou 20% ak kreyòl ayisyen 2% pamí lang ki plis dominan yo. Nan moun ki pale panyòl yo, 43% ladan yo se moun ki pa metrize anglè (LEP). Anpil nan moun sa yo ki pa metrize anglè nan Florid se travayè agrikòl esansyèl ki ap riske lavi yo pandan pandemi an pou mete manje sou etajè nan makèt.

"Travayè agrikòl nan Florid yo se travayè esansyèl," se sa **Antonio Tovar, Kowòdonatè Jeneral pou Travayè Agrikilti Asosyasyon nan Florid** deklare. Tovar ajoute, "Majorite nan yo se imigran ki soti nan lòt peyi kote lang manman yo pa anglè. Li enpòtan pou moun ki ap travay pou bay manje pandan kriz sa a, ak chak jou pandan tout ane a, jwenn enfòmasyon enpòtan nan pwòp lang yo yon fason pou yo kapab pwoteje tèt yo, farmi yo, ak kominote yo pandan pandemi sa." Tovar kontinye pou li di, "Se pa sèlman yon bagay ki dwat ak jis nou dwe fè... , men se li ki gen plis bon sans."

Anplis de Gouvènè Ron DeSantis, lot otòrite ki resevwa lèt se Direktè Depatman Sante a Scott Rivkees, Direktè Depatman Jesyon Ijans yo Jared Moskowitz ak Direktè Depatman Edikasyon Richard Corcoran.

**Luz Lopez, Avoka a la tèt Southern Poverty Law Center (ACPL) Action Fund** te di "Etandone genyen yon gwo kantite moun ki pa metrize anglè ki ap viv nan Florid, li enpòtan pou tout entitisyón ki nan eta a, rejon yo, ak komin yo ki revewa finansman leta federal reponn egzijans yo genyen pou asire yo tout moun ki pa metrize anglè yo (LEP) gen aksè ak enfòmasyon enpòtan ak èd ijans." Lopez ajoute, "Menm si COVID-19 pa fè diskriminasyon nan moun ki kontamine ak mourir, men nou konstate kominote ki pa gen moun blan, espesyalman moun ki izole akoz lang yo pale, se yo menm ki plis soufri doule ak konsekans maladi sa."

Klike sou lyen sa pou ou kapab: <http://bit.ly/40orgletter>

###